



THE FREEDOM POST

Yon publikasyon mansyèl Lekòl ElemenTè Freedom Shores la
3400 Hypoluxo Road, FL 33436 (561) 804-3100

SEPTANM 2022

MESAJ DIREKTÈ LEKÒL LA Mr. Sabatino

Nou pral antre nan yon lòt ane eksitan. Pandan ete a, nou te gen lekòl ete, kan ete ak kan 21st Century nan kampis nou an ak amplwaye pèsonèl nou yo ki te toujou kenbe kampis nou an bèl!!!

Timoun nan klas 3yèm-5yèm ane yo pral sèvi ak menm pwogram ke elèv K-2 nou yo te itilize ane pase a epi yo ap itilize ankò ane sa a; Referans. Anplis de sa, elèv yo pral sèvi ak nouvo B.E.S.T. Estanda pou Matematik. Tout estanda yo konsantre sou konsèp timoun yo bezwen konnen pou chak nivo klas epi pou yo prepare pou pwochen klas la. Nou pral kontinye tou pwogram iReady nou an pou lekti epi itilize li tou pou matematik ane sa a tou. Pral gen yon konpetisyón amikal nan tout lekòl la ki baze sou itilizasyon ak presizyon ak pwogram sa yo.

Liy machin nou an tou de maten ak apremidi a te amelyore anpil gras a kokenn PTO a ki te achte pwogram lekòl lage CurbSmart ke nou itilize. Tanpri sonje pou w pran konsiderasyon ak vwazen nou yo epi pa pake sou pwopriyete yo oswa nan bouk otobis nou an. Si ou pase nan liy machin lan epi toujou rale moute osi lwen ke ou kapab, liy lan ap deplase byen vit epi timoun yo ap chaje san danje nan machin ou yo.

Ann patisipe nan lekòl la ane sa a epi rantre nan nou pou reyinyon Konsèy Konsilitatif Lekòl nou an (SAC) chak twazyèm Mèkredi nan mwa a apati 5:30. Ou kapab tou vin yon pati nan PTO formidable nou an, ki rankontre imedyatman apre SAC nou an. Tanpri santi yo lib pou rantre nan nou nan reyinyon sa yo pou yo ka tandem opinyon ou epi ou ka vin pi aktif nan edikasyon pitit ou a.

Mèsi davans pou tout sipò ou epi nou espere travay ak pitit ou yo.

Mesaj sou-Direktris la Madam Kimberly Rogers

Bon retou!!

Men kèk mizajou konsènan pwogram òdinatè nou yo pou lekti ak matematik.

Apati ane lekòl sa a, elèv yo pral pran yon premye evalyasyon dyagnostik pou lekti ak matematik iReady. Egzamen sa afasil pou adapte epi li pral ajiste kontni an nan nivo elèv yo. Yo pral bay elèv yo yon nòt ki baze sou kote yo teste. Lè sa a, sa a pral mete yo nan nivo sa a pou lesson chak jou yo. Kon elèv yo pase lesson yo, yo pral pwogrese nan lòt nivo ak difikilte.

Ou pral resevwa yon lèt nan semèn kap vini an konsènan nouvo tès eta a pou K-5 ki rele FAST. Tanpri rete vijilan.

Pa ezite kontakte m si w gen nenpòt kesyon. Mwen pa ka tann pou yon lòt gwo ane lekòl!

Nòt Pwogram Aprè Lekòl la

Pwogram aprè lekòl la ap aksepte aplikasyon pou ane lekòl 2022-2023 a.

Nou dwe resevwa pake enskripsiyon ansanm ak \$25 frè enskripsiyon an AVAN menm ke ou vle pitit ou a kòmanse.

Tanpri, kontakte Cheri Rosen, Direktris pwogram nan la si ou gen nenpòt kesyon!
at cheri.rosen@palmbeachschools.org or 561-804-3130



Instagram:
Freedomshoreses



Facebook:
FreedomShoresEl



Twitter:
FreedomShoresES

Ti kwen Volontè yo

Nou remèsyé ou davans! Nou gen bezwen asistans diran tout ane lekòl la.

- Evènman aswè (Dans ak Sware fim)
- Anvan Lekòl (Mil nan Maten, Klib Jadinaj ak Magazen)
- Magazen Eagle Buck la)
- Anpil Lôt bagay toujou

Si ou vle konnen kòman pou ou vin yon volontè, tanpri voye yon kourye elektwonik nan:

volunteerfreedomshores@gmail.com

Lekòl san lajan

Pou ane lekòl sa a, nou ap eseye pou pa sèvi ak lajan monnen. Tanpri anrejistre pou ou peye pou nenpòt fon nap ramase, pwomand, ak anpil lôt bagay ankò.

<https://palmbeach.schoolcashonline.com/>

Kounye a, Ou ka peye pou abiye ak rad prefere ou jou vandredi ak mayo pou jou vandredi yo sou Entènèt.

Nouvèl pwogram doubl lang la ak ESOL

Nou ap di ¡Bienvenidos! Welcome! Byenveni! A tout ansyen ak nouvo fanmi nou yo

Nou trè kontan e nou p a ka tann pou nou kòmanse nouvo ane lekòl sa a ap travay ak pitit ou a :)

Nou ta renmen envite w rantre nan Kominte Konsèy lekòl la(SAC). Konsèy sa a responsab pou pran desizyon enpòtan konsènan edikasyon pitit ou a e nou vle ou patisipe nan pwosesis sa a. Reyinyon yo fèt chak premye mèkredi nan mwa a, nan Media Center a 5:30 p.m. imedyatman apre reyinyon PTO a 6:00 p.m.

Si w bezwen asistans oswa w gen kesyon sou pwogram ESOL oswa De Lang, tanpri kontakte ekip ESOL la: Nelly Coffman - Koòdonatè ESOL, Vanessa Briceño - Konseye Lekòl Bileng. Animatè lang nou yo ki pale Panyòl ak Kreyòl yo la pou ede w kominiye ak pwofesè pitit ou a. Ou ka kontakte yo nan 561-804-3123. Nou renmen genyen fanmi nou yo patisipe epi envite paran ELL ak De Lang nou yo patisipe nan volontè ak evènman, ranmase lajan, nan salklas la, ak nan plizyè nivo diferan. Tanpri kontakte Madam Coffman pou wè ki jan ou ka ede.

Nou toujou bezwen bon kalite liv Panyòl (ki pa bileng) pou bibliyotèk klas nou yo, nan tout nivo K-5. Si w enterese bay liv, tanpri kontakte pwofesè pitit ou a.

Ti Nouvèl Depatman ESE a:



Depatman Edikasyon Espesyal nan Freedom Shores salye ou!

Nou atann kea ne lekòl sa a va yon gwo ane pandan n ap navigate tout sa k ap vini yo. Mèsi paske w konfye pitit ou yo nan men nou epi w pèmèt nou fè pati ekip la pou sipòte yo emosyonèlman, akademikman ak nan konpòtman yo. Nou mande pou w kontinye pran pasyans epi kominike ak nou pandan nap avanse.

* Paran kòm Lyezon an (Pal) se Madam Mary Black, ou ka kontakte li nan mary.black.c@palmbeachschools.org pou èd pou navigate pandan pwosesis ESE a. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou Pals nan <https://www.fdlrsalpha.org/parent-services>.

* Child Find ofri enfòmasyon ak EVALYASYON GRATIS pou timoun 3-5 an ki ka gen difikilte pou aprann, pale, jwe, wè, mache, ak/oswa tandé. Pou kòmanse pwosesis la, tanpri rele anplwaye yo nan: (561) 434-7337.

* Reyinyon IEP yo pou ap fèt vityèl oubyen an pèson. Nou ap mande ou tanpri si ou malad nan 3 jou pase yo tanpri chwazi pou reyinyon ou an vityèl pou pwoteksyon anplwaye yo.

Si w gen enkyetid oswa ou ta renmen pataje nouvo enfòmasyon ak ekip ESE a tanpri kontakte Sharrié Vereen, Koòdonatris ESE a nan 561-804-3110 oswa sharrie.vereen-thomas@palmbeachschools.org

Ti kwen Konseye yo

Byenveni Elèv ak Paran Freedom Shores! Pou kòmanse, nou ta renmen prezante tèt nou fanmi Freedom Shores. Nou se Madam Briceno ak Madam Heitz, epi nou pral pwofesè oryantasyon ak konseye lekòl pitit ou a.

Pou kòmanse nan kòmansman ane eskolè a, n ap ankouraje Konsyantizasyon Prezans. Èske w te konnen timoun ki rate twòp lekòl yo gen mwens chans pou yo li nan nivo klas 3yèm ane? Lè w ap travay ak elèv, paran, ak pwofesè yo pou ankouraje prezans ale chak jou, w ap sipòte konsantre estratejik Distri a pou ogmante lekti nan nivo klas 3yèm ane. Paran, nou ankouraje w pou ede nou lè w raple pitit ou a pou 1 al dòmi bonè pou 1 ka dòmi byen, epi ale lekòl chak jou epi a lè! N ap aplike atant lekòl nou yo, kontra sosyal ak direktiv SOAR nou yo tou nan tout konsèy nan salklas nou an. Nou ap tann yon bèle ane lekòl!

Konseye Pedagojik ou yo,
Mrs. Briceno and Mrs. Heitz

Konsèy Konsiltatif Lekòl la (SAC):

SAC nou an ap chèche manm. Si w enterese patisipe nan fonksyònman enteryè, finansman, kourikoulòm, sekirite pou lekòl la, patisipe nan aktivite lekòl yo, konnen sou dènye mizajou sou rezulta tès yo, ak desizyon yo pran isit la nan Freedom Shores, epi tou gen yon dizon sou fon alokasyon an, epi tou fè tandem vwa w nan pwosesis pou pran desizyon ki afekte kò etidyan nou an, jwenn ak nou! Nou rankontre chak mwa sou twazyèm Mèkredi a 5:30 pm nan sant medya a. Nou espere wè ou la ak nou.



PTO:

PTO ap chèche volontè pou ede ak evènman k ap vini ak ranmase lajan. Si w enterese, asire w ke w enskri kòm volontè ak jennifer.a.quinn@palmbeachschools.org, epi kontakte freedomshorespto@gmail.com pou w ka patisipe. Reyinyon jeneral nou yo se chak mwa apre reyinyon SAC la nan twazyèm Mèkredi chak mwa.

Magazen Eagle Buck la:

Magazen Eagle Buck la toujou ap aksepte don nouvo ak jwèt ki pa two ize, founiti lekòl, jwèt, ak plis lòt bagay toujou, ak nenpòt bagay ou panse elèv yo ta renmen genyen kòm rekompans n ap vrèman apresye yo.



KÒD VESTIMANTÈ

Yon ti rapèl sou kòd vestimantè yo - Nou atann ke tout elèv nan Freedom Shores yo swiv yon kòd vestimantè ki obligawa de Lendi a Jedi. Yo ap voye nenpòt elèv ki pa mete inifòm ke yo sipoze mete a nan direksyon an e nou va pran aksyon ki apwopriye kont yo. Me kalite inifòm ki obligatwa pou elèv yo mete a:

- Tout elèv yo dwe mete mayo ki gen kole epi ki genyen manch, mayo sa a sipoze senp.
- Elèv vityèl yo kapab mete yon mayo ki genyen yon sèl koulè.
- Pantalon, kapri, jip, jumpers, jip an pantalon, oubyen bout pantalon yo tout sipoze ble fonse, nwa, kaki, gri, oubyen mawon. Ti bout pantalon y oak jip an pantalon yo dwe long ase pou ou ka touche pwent dwat ou, yo dwe toujou rete nan tay elèv la epi yo nan stil inifòm. Li pa nesesè pou elèv vityèl mete inifòm pou pati anba.
- Pa mete ni abako ni djins (jeans).
- Yo pa sipoze mete bout kolan pou kont yo
- **Jou Vandredi sèlman:** Se jou ofisyèl pou elèv yo mete Mayo lekòl Freedom Shores la ak djins, yo pa dwe mete DJINS KI CHIRE. Elèv yo kapab peye \$1 pou yo ka patisipe nan aktivite kote yo kapab mete rad prefere yo nan jou vandredi, rad yo ap mete a dwe apwopriye pou lekòl. Benefis yo pral sipòte magazen Eagle Buck la, laboratwa STEM la, Depatman DL ak klas 5yèm ane.
- Yo pa sipoze mete okenn rad oubyen bijou ki ka koze distraksyon

Pa prensip Distri lekòl la, soulye yo dwe konplètman fèmen depi nan zòtèy jiska nan talon pye pou sekirite elèv yo. Elèv yo ka mete Tenis ak solye ki pla.

Si tout fwa yo prete pitit ou a inifòm, tanpri lave yo epi retounen nan demen. Mèsi!
Si tout elèv nan klas pitit ou a mete inifòm apwopriye yo, yo ap genyen kòm prim yon eagle pou klas la!

★★★ DAT KI ENPÓTAN YO ★★★

SEPTANM 2022



| MONDAY | TUESDAY | WEDNESDAY | THURSDAY | FRIDAY | SATURDAY | SUNDAY |
|--------|-------------|--|-----------------------------------|--|---|--------|
| | | | | 1 | 2 | 3 |
| 4 | 5 KONJE | 6 | 7 SWARE KOURIKOULOU 6 pm | 8 | 9 | 10 |
| 11 | 12 | 13 | 14 | 15 1ye Jou Mwa Eritaj Panyol Elèv yo gen dwa mete chemiz ki reprezante kilti yo ak pantalon inifòm yo | 16 | 17 |
| 18 | 19 | 20 Reyinyon SAC 5:30 Reyinyon PTO aprè SAC | 21 | 22 | 23 | 24 |
| 25 | 26 KONJE | 27 | 28 | 29 | 30 DEJENE ALFABETIZASYON POU JADENDANFAN 7:15 am | |

Nouvèl Jadendanfan – Pwofesè Jadendanfan yo kontan pou nouvo ane lekòl la e yo ap gade timoun nou yo ki ap SOAR. Nou te revize pwosedi nou yo ak woutin chak jou. Mande pitit ou a konsènan kontra sosyal klas yo a ak pwomès nou youn ak lòt pou toujou swiv chemen malfini pandan y ap lekòl la. Tanpri revize tout papye ki vini lakay ou nan katab komunikasyon an chak jou. Pa blyie siyen jounal komunikasyon an chak swa epi voye 1 tounen ak pitit ou a. Sonje li ak pitit ou chak jou!! Nou espere revize kourikoulòm nou an ak woutin chak jou nou an nan Sware Kourikoulòm nan le 7 septanm.

Nouvèl 1ye Ane Bonjou fanmi premye Ane yo. Nou renmen aprann konnen de pitit ou a chak jou! Reyinyon maten nou yo te gen anpil sans, donk tanpri asire w pitit ou a rive alè pou lekòl! Nan ELA, nou pral nan Unit 1: Plants and Animals Grow and Change. Nan kay la, pitit ou a ta dwe jwenn yon kote ki konfotab epi li pou 15 minit chak jou. Nan syans, nou pral dekouvri ki sa syans ye lè nou itilize sans nou pou obsève ak dekri objè yo. Nan syans sosyal, nou pral aprann sou Istwa Ameriken. Lakay ou, diskite sou sekans bagay ou fè (premye, dezyèm, twazyèm, elatriye...). Nan matematik, elèv yo vin pi byen konprann adisyon ak soustraksyon. Lakay ou, jwe jwèt pwoblèm mo matematik (konbyen plis/konbyen mwens). Tanpri voye kas ekoutè/koutè, yo nesesè lè w ap itilize têt yo nan klas la. Si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid, tanpri kontakte pwofesè pitit ou a.

Nouvèl 2yèm Ane a – KlasDezyèm ane te gen yon bel kòmansman ane lekòl!! Nou te kontan fè konesans ak tout elèv yo ak fanmi yo. Elèv yo te fè yon travay enkwayab nan revize pwosedi SOAR yo nan tout lekòl la e yo menm te touche kèk Eagle Bucks têt yo. Reyinyon maten yo se tan nou pi renmen pou aprann sou kamarad klas nou yo, kidonk tanpri asire elèv yo alè chak jou. Nan ELA nou tèlman kontan pou nou finalman nan premye inite nou an. Nou te li sou pengwen anperè ak abita yo. Nan Matematik, n ap fini chapit 1 epi n ap aprann tout bagay sou adisyon ak soustraksyon jiska 20. Nou tout ap aprann kijan pou nou vin syantifik epi sèvi ak ladrès ankèt nou pou reponn kesyon sou mond lan. Tanpri sonje tcheke dosye komunikasyon pitit ou a chak swa. Ap tann yon mwa septanm etonan !!

Nouvèl 3yèm Ane a – Paran yo tanpri sonje tcheke ajanda elèv yo, dosye komunikasyon, ak ClassDojo (si yo itilize nan klas la).

Nouvèl 4yèm Ane – Nou ap swete nou yon byenvini ak yon bon retou, epi di ou mèsi pou yon kòmansman ane lekòl fantastik nan nouvo ane lekòl la! Sonje pou tcheke ajanda ak dosye pitit ou a chak swa pou not pwofesè yo ak devwa/fòrm ke nou voye lakay yo. Elèv yo ta dwe nan klas 7:45 - 8 am, pa pita ke sa. Pa gen lekòl 5 septanm akòz Jounen Travay la. Anfen, tanpri konseve dat la pou w vin jwenn nou pou Sware Kourikoulòm 7 septanm a 6-7 pm. Mèsi pou tout sa ou fè!! Ann kontinye SOAR diran tout ane sa a!!

Nouvèl 5yèm Ane – Byenvini e bon retou a tout elèv 5èm ane yo! Nan klas senkyèm ane nou te fè konesans youn lòt. Nou te pratike tout pwosedi salklas yo ke pwofesè nou yo te fikse pou nou aprann nan tout potansyèl nou. Nan syans nou te dekouvri gress misterye nou yo, ki te yon gwo aktivite pou n pratik. Nan lekti nou te revize woutin ak pwosedi pou fè rès ane a mache byen nan lekti. Kote valè ak desimal yo te konsantre kounye a nan matematik. Tanpri asire w ke pitit ou a konnen tab miltiplikasyon yo 0-12 paske yo bezwen pou yo konnen yo trè byen.

Pitit ou a ta dwe pote ajanda li lakay li chak swa pou ou siyen li. Yo ta dwe tou ekri devwa d mezon yo ke pwofesè yo ba yo nan ajanda a. Tanpri asire w ke pitit ou a rive lekòl a lè paske nou kòmanse jounen nou san pèdi tan a 8:00am. Nou byen kontan tout moun tounen!

FÈ PIBLISITE BIZNIS OU AK NAN BILTEN NOU AN! Si w gen yon biznis epi ou ta renmen fè piblisyte nan bilten nou an oswa plase von banyè nan lekòl la, rele Audra nan nimewo sa a 561-804 - 3114 si w enterese. Sipò ou ap ede ak pri pwodiksyon ak enprime.

YON GWO REMÈSIMAN

A:



**KI TE ADAPTE KLAS: MS. MORIN,
MS. DANKWARDT, MS.
CONCEPCION & MS. ITZKOWITZ A
!!!!!**

YON GWO REMÈSIMAN

A:

**ASHLEY B. JEAN FRANCOIS
&
JEAN B. FRANCOIS**

**KI TE ADAPTE KLAS 5ÈM
ANE:
MS. VINAS LA!!!!!**



**Mitchell H. Miller, DDS
Pediatric Dentist**

**391 North Congress Avenue
Boynton Beach, FL 33426
(561) 336 - 6560**

**smile@millerpdo.com
www.millerpdo.com**

YON GWO REMÈSIMAN

A:



**KI TE ADAPTE KLAS 3ÈM ANE:
MS. THILEN &
MS. RIPPE A!!!!**

YON GWO REMÈSIMAN

A:

FAMIY DERY

**KI TE ADAPTE KLAS 3ÈM ANE
MS NEIBERG LA!!!!**

(Gwosè Kat Biznis)

Piblisite nan bilten nou an.
\$20.00 pa mwa oswa \$150.00 pou ane
a.

(3 ½ X 4 ½)

Piblisite nan bilten nou an.
\$30.00 pa mwa oswa \$200.00 pou ane
a.

ADOPT-A-CLASS PROGRAM

Benefits:

- *Year long recognition in the Freedom Shores Newsletter-GOLD
- *Certificate of Sponsorship to display-
SILVER,GOLD
- *Thank you letter from Freedom Shores Principal-**BRONZE, SILVER, GOLD**
- * Invitation to the school events to promote your business- **GOLD**
- * Recognition of Sponsorship on classroom door- **BRONZE,SILVER, GOLD**
- * Copy of letter sent home to the parents of your adopted class announcing you or your business as the class sponsor.- **SILVER, GOLD**

Sponsorship Levels:

- Gold (\$250.00 or more)
- Silver (\$150.00 - \$250.00)
- Bronze (\$150.00 - \$100.00)



Lokasyon Lekòl la

Komisyon Konsèy Lekòl Rejyon Palm Beach la ofri yon varyete opsyon lokasyon pou adapte prèske nenpòt okazyon. Nou kapab akomode yon pakèt evènman.

Kanpis nou yo ofri oditoryòm dinamik ak teknikman ekipe, sal konferans, kafeterya, laboratwa, salklas ak teren atletik.

Nou akeyi patenarya ou a! Kontakte Audra Spurlin nan (561) 804-3114 si w enterese nan lwe lekòl la.